

KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



REYINYON IBRID (MELANJE) KOMITE SKOLÈ BOSTON

4 desanm, 2024, a 5:15 nan laprè midi

Reyinyon Komite Skolè Boston an ap fèt an pèsòn nan lokal Bruce C. Bolling Municipal Building, nan adrès 2300 Washington Street, nan chanm « School Committee Chamber » a, 2nd Floor (2yèm etaj), Roxbury, MA 02119, epitou l ap transmèt an dirèk sou chèn Boston City TV (Xfinity Channel 24, RCN Channel 13, ak Fios Channel 962) ak sou Zoom.

Tanpri klike sou lyen anba a pou w antre sou webinè Zoom nan :

https://k12-bostonpublicschools.zoom.us/webinar/register/WN_sanU_4G3T0CAukfAnzPy-g

Kòmantè gran piblik la : Tanpri enskri nan lyen sa a pou w temwaye. Enskripsyon pou fè kòmantè piblik ap tèmine a 5:00 nan laprèmidi, jou reyinyon an. Komite a ap kontinye ofri de (2) peryòd pou moun fè kòmantè, kote ke premye peryòd pou fè kòmantè a ap limite a en (1) èdtan. N ap bay priyorite a moun sila yo k ap temwaye an pèsòn. Si lè a pèmèt, apresa Komite a ap ouvri li pou temwayaj vityèl. Aprè en èdtan, nenpòt moun ki pa t gen opòtinite pou l te temwaye, ap gen opòtinite pou l fè sa nan fen reyinyon an. Ou kapab voye temwayaj ekri yo nan adrès imel lpavex@bostonpublicschools.org pou distribisyon bay Komite a.

Pwogram Reyinyon an

5:15 p.m.

- I. Salye drapo/Sèman drapo
- II. Rapèl a lòd
- III. Kanpe reyinyon an pou n pase a Sesyon Egzekitif la
- IV. Komite Skolè Boston an pral imedyatman kanpe reyinyon an pou pase a yon sesyon egzekitif pou diskite sou estrateji anrapò ak wòl Komite a nan negosyasyon kolektif k ap fèt ant kontraktè li a « Transdev » ak sendika « United Steelworkers Local 8751 » pou yon akò negosyasyon kolektif siksesè (yon nouvo negosyasyon kolektif). Komite a pral resevwa yon ti mizajou sou negosyasyon kontra Sendika Pwofesè Boston yo (BTU). Komite a ap retounen nan sesyon piblik la ankò.

6:00 p.m.

- V. Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon : Reyinyon 6 novanm, 2024 ak retrèt 20 novanm, 2024
- VI. Kòmantè Gran Piblik la
- VII. Mezi pou n pran yo

- Sibvansyon ki pou apwouve : (ki bezwen apwobasyon) 52.654.772\$ antou

Montan an	Ane fiskal	Non sibvansyon an	Stati li	Jesyonè pwogram nan	Domèn entèvansyon an	Lokal (yo)
360.000\$	2025	CBHM Research and Data (Rechèch ak Done CBHM)	Ogmante	Andria Amador, Behavioral Health Services (Sèvis Sante Konpòtmantal)	Behavioral Health Services (Sèvis Sante Konpòtmantal)	Nan tout distri a
4.037,00\$	2025	Indian Education Formula Grant (Fòmil Edikasyon Endyen)	Nouvo	Karissa Goff, Director of Partnerships, Partnerships-OFCA (Direktris Patenarya, Patenarya-OFCA)	Extended Learning Opportunities (Opòtinite Aprantisaj Pwolonje)	Nan tout distri a
324.000\$	2025	Catalyze New Models Grant (Akselere Nouvo Modèl)	Nouvo	Tony King- Boston International Newcomers Academy	Professional Learning and School Innovation (Aprantisaj Pwofesyonèl ak Inovasyon Lekòl)	BINcA, Boston International Newcomers Academy
254.178.97\$	2025	MassGrad	Nouvo	Charnae Garrett-Coles	Attendance (Prezans/Asistan s)	Charlestown, BATA, English, Boston Collaborative, BINCA, CASH, Greater Egleston
176.243,00\$	2025	Innovation Pathways Implementation and Support Grant FC419 (Aplikasyon ak Sipò pou Pakou Inovasyon))	Nouvo	Michelle Sylvaria, Executive Director of Career & Technical Education (Direktris Egzektif Edikasyon Karyè Pwofesyonèl e Teknik)	Career & Technical Education (Edikasyon Karyè Pwofesyonèl e Teknik)	Dearborn STEM Academy, Holland High School of Technology, Brighton High School, Excel High
42.925.206\$	2025	Title I, Parts A and D (Tit 1, Pati A ak D)	Kontinye, dwa anyèl	Director of State & Federal Programs, Finance (Direktè Pwogram Gouvènman Eta ak Gouvènman Federal, Finans)	Student opportunities and family engagement (Opòtinite pou elèv ak angajman fanmi)	Nan tout distri a
2.656.104\$	2025	Title II, Part A (Tit 2, Pati A)	Kontinye, dwa anyèl	Director of State & Federal Programs, Finance (Direktè Pwogram Gouvènman Eta ak Gouvènman Federal, Finans)	Teacher and Leader Quality (Kalite pwofesè yo ak lidè yo)	Nan tout distri a

2.313.954\$	2025	Title III Part A (Tit 3, Pati A)	Kontinye, dwa anyèl	Brittany Baggett, Office of Multilingual and Multicultural Education (Biwo Edikasyon Miltileng e Miltikiltirèl)	English Language Acquisition (Akizisyon Lang Angle)	Nan tout distri a
3.161.049\$	2025	Title IV, Part A (Tit 4, Pati A)	Kontinye, dwa anyèl	Director of State & Federal Programs, Finance (Direktè Pwogram Gouvènman Eta ak Gouvènman Federal, Finans)	College and Career Readiness, Social Emotional Wellness, Technology Access (Preparasyon pou kolèj ak karyè pwofesyonèl, Byenèt Sosyal Emosyonèl, Aksè nan Teknoloji)	Nan tout distri a
480.000\$	2025	CommCorp: Career Technical Initiative (Round 9) (Inisyativ Karyè Pwofesyonèl Teknik (9yèm Tou))	Nouvo .	Serge Andre, Adult Education Comment (Komantè Edikasyon Adilt)	Career & Technical Education (Edikasyon Karyè Pwofesyonèl e Teknik)	Dept. of Adult Education/ Boston Central Adult High School at Madison Park High School (Depatman Edikasyon Adilt/Lekòl Segondè Santral Boston nan Lekòl Segondè Madison)
Antou		52.654.772\$				

VIII. Divès Rapò

- Divès Akò Negosyasyon Kolektif Pwovizwa : Kontraktè « Transdev » ak sendika « United Steelworkers Lokal 8751 »
- Mizajou Biwo Resous Imèn nan

IX. Komantè gran piblik la sou rapò a

X. Nouvo sijè

XI. Reyinyon an lage